CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #५०

२२।४।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कर्णालीमे कोरोना रोकथाम तथा नियन्त्रणके लेल विनियोजित बजेट फ्रिज

**२०७६ माघ ९ गते**
नेपालमे पहिल संक्रमण पुष्टि

**२०७६ फागुन १८ गते**
कोभिड १९ रोकथाम तथा नियन्त्रण उच्चस्तरीय समन्वय समिति गठन

**२०७६ चैत्र ११ गते**
लकडाउनके घोषणा

**२०७६ चैत्र १६ गते**
कोभिड संकट व्यवस्थापन केन्द्रके स्थापना

**३४ टा** नीतिगत निर्णय

**३५ टा** प्रयोगशाला

**११६** बुखार क्लिनिक

**२३** मेडिकल कलेजमे आईसोलेशन वाड

जम्मा पिसिआर परीक्षण **४,१२,९५३**

संक्रमण दर **५.२%**

संक्रमित मे मृत्यु दर **0.3%**

स्रोत: https://cutt.ly/4dhBPDJ

## नेपाल अपडेट




महोतरीके जलेश्वरमे निषेधाज्ञा लगेलाके बादो भोरमे किनमेलके लेल छुट देलासँ लागल भीड
तस्बिर: राकेश प्रसाद चौधरी

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: ४,१२,९५३
पोजेटिभ: २१,३९०
उपचाररत: ६,१७४
मृत्यु : ६0






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकार सवारी साधनमे जोर बिजोर प्रणाली लागु करब कहै छै । किछ जगहमे लकडाउन छै, किछ जगहमे निषेधाज्ञा । कि कि कह खोजैछै से समझ मे नै आएल ।

काठमाण्डौ उपत्यका लगाएत कोभिड - १९ के २०० सँ बेसी सकृय संक्रमितके संख्या भेल जिलासभमे अत्यावश्यक सेवा बाहेकके नीजी तथा सार्वजनिक सवारी साधनमे जोर बिजोर नम्बरके आधारमे मात्रे सञ्चालन कर कहने छै । लेकिन, संक्रमणके जोखिम बढल जिला अथवा क्षेत्रमे मुदा, कोभिड संकट व्यवस्थापन केन्द्र प्रशासनके सहयोगमे निर्णय कलक तुरुन्त बन्द या निषेधाज्ञा जारी कल सकैत अछि । ओही अनुसार किछ जगहपर लकडाउन, बन्द तथा निषेधाज्ञा जारी कएलगेल छै ।

स्रोत: https://www.moha.gov.np/post/pa-ra-sa-va-ja-niapa-ta-122



कर्णाली प्रदेशमे फेरो लकडाउन हेतै से समाचार आएल छै । कि ई साँच छै ?

२०७७ श्रावण २० गते कर्णाली प्रदेशके मुख्यमन्त्री महेन्› बहादुर शाहीद्वारा सुर्खेतमे पत्रकार सम्मेलन करैत लकडाउनके विषयमे जनतव देलैन । यदि कर्णालीमे कोनो एक मात्रे लक्षणसहितके कोरोना संक्रमित देखाएल अवस्थामे प्रदेश सरकार प्रदेशभैर लकडाउन करत से बतौलैन । साथै ओ सम्पुर्ण कर्णालीवासीके कोभिड-१९ सँ सुरक्षित रह पूर्णरुपमे सुरक्षा मापदण्ड अपनाब सेहो आग्रह केने छैथ ।

स्रोत: https://www.facebook.com/watch/?v=3198810536900256



जरुरी काम सँ काठमाण्डौ बाहर जाएके लेल पास बन्द भेल छै ?

कोभिड-१९ के बढ़ैत संक्रमणके कारण भिडभाडसँ जोखिम बढ् सकलाके कारण सँ, मिति २०७७/०४/२१ गते सँ लागु कलक दोसर व्यवस्था नै भेलातके लेल अगिला दिन निवेदन संकलन कलक काईल्ह भोरमे ८ बजे सँ मात्रे पास वितरण करत कहने छै । पासके जरुरी भेलहा सभके जिला प्रशासन कार्यालयके गेटमे निवेदन दल दोसर दिन ओही जगह सँ पास लेब सेहो आग्रह केने छै । जिल्ला प्रशासन कार्यालय काठमाण्डौ लम्बा दुरीके लेल मात्रे पास जारी करहल छै ।

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/public/upload/1402a3666bab255e6a3f07937faf522f/files/suchana1.pdf



निजि क्षेत्रमे काज करवला बहुते श्रमिकके रोजगारी गुमलै कहैत छै । कतौ एकर तथ्यांक छै की? एना बेरोजगार भेलासभके सरकार केना रोजगारी देतै ?

नेपाल राष्ट्र बैंकके सर्वेक्षण अनुसार उद्योग तथा व्यवसायसभद्वारा २२.५ प्रतिशत कर्मचारी तथा कामदार कटौती केने पाएलगेल छै । लेकिन ई अन्तिम तथ्यांक मुदा नै छै । ओही सर्वेक्षण अनुसार होटल तथा रेस्टुरेण्ट क्षेत्रसँ सबसँ बेसी कामदार कटौती केने देखल गेल छै । एना बेरोजगार भेल युवाके अई सँ पहिलेहे सरकार "युवा रोजगारीके लेल रुपान्तरण पहल" आयोजनामे जोड्ब कहि चूकल अछि ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/2020/08/Survey-Report-onCOVID-Impact-Final.pdf


WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| २,८२,८२४ संक्रमित | ६९,४२५ संक्रमित | ४२,५१४ संक्रमित | १,११,८०५ संक्रमित | ६१,६०६ संक्रमित | ८०,२८६ | ९,०२३ | १४,४९९ संक्रमित |
| १,७५० नेपाली संक्रमित | १५०० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २०,६०० नेपाली संक्रमित | २००० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| ९ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १६ मृत्यु भएका नेपाली | ३० मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## कुवेत प्रवेशमे ३२ देशक नागरिकके रोक

### नेपाल

विदेशसँ नेपाल फिर्ता आएलसभके www.ccmc.gov.np मे जाउ क अनलाईन मे एकटा फारम अनिवार्य रुपमे भर परत । तहिना कलक, नेपालसँ विदेश जायवलासभके सेहो अनिवार्य रूपमे अहि वेवसाईटमे जाउक Health Declaration form फारम भर परत ।

### कतार

दोहा-काठमाण्डौंके लेल आरो ४ टा उडानसभ तय भेल छै । नेपाल एयरलाइन्स: ९ आ १० अगस्त, हिमालय एयरलाइन्स: ८ आ ९ अगस्त । के-के टिकट लेब पाओत से नामके सूची दुतावासके फेसबुक पेज साथे श्रमिक सञ्जालके फेसबुक पेजसँ सेहो बुझल जाउ सकैत छै ।

### यू.ए.ई.

Indoor र Outdoor ईभेन्टसभके अई वर्षके डिसेम्बर तकके लेल बन्द करब कहल गेल छल मुदा कोरोना भाईरसके संक्रमण सामान्य होईत गेलापर आब जल्दिए शुरु होबवला छै । अहि क्रममे अगस्त ६ सँ Al Ain Zoo सेहो खुला भेचुकल छै ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

करिब १ अर्ब ४८ करोड

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

करिब २ अर्ब २६ करोड

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

करिब ४ अर्ब १० करोड

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

२ अर्ब ३४ करोड निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## आ.व. २०७५/७६ मे बागमती प्रदेशके बेरुजुके अवस्था

जम्मा लेखा परीक्षण भएको रकमको
२.४६%


बेरुजु खर्च
रु. ९७,२०,९४,०००

पेश्की
४९.०३%

नियमित गर्नुपर्ने
२१.८६%

प्रमाण कागजात पेश नभएको
२५.२३%

असुलउपर गर्नुपर्ने
५.५५%




जम्मा लेखा परीक्षण गरिएको रकम


**39.5 BILLION NRS**

जम्मा लेखापरीक्षण गरिएका कार्यालय **१९१**

बेरुजु देखिएका कार्यालय **११४**

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## आर्थिक वर्ष २०७५/७६ मे बागमती प्रदेशके खर्च बेरुजु देखाएल मन्त्रालयके तुलनात्मक अध्ययन




बागमती प्रदेशमे जम्मा ९७ करोड २० लाख खर्च बेरुजु देखाईत छै । जे कि ओकर जम्मा लेखा परीक्षण भेल रकमके २.४६% छै । जम्मा लेखा परीक्षण भेल रकम (३९ अर्ब ५० करोड) मे सँ बेरुजु खर्च आरो प्रदेश सँ कम छै । करिब ६0% (१९१ मे सँ ११४) कार्यालयसभमे खर्च बेरुजु भेल देखाईत छै । बागमती प्रदेशमे ४९% सँ बेसी बेरुजु पेश्की लेलाके कारण सँ भेल छै । अई प्रदेशमे नियमित करपरवला खर्च (२१.८६%) आ प्रमाण कागजात पेश नै भेलाके (२५.२३%) कारणसँ भेल बेरुजु किछ बेसी बेरुजु देखाईत छै ।

आरो प्रदेशमे जेना, भौतिक पूर्वाधार विकास मन्त्रालयमे सबसँ बेसी बेरुजु देखाएल छै । तहिना कलक, सामाजिक विकास मन्त्रालय आ भूमिसुधार, कृषि तथा सहकारी मन्त्रालयमे सेहो बेसी बेरुजु देखाएल छै । ई मन्त्रालयसभमे बेसी बजेट मात्रे नै छै, नागरिकके सरोकारसं सिधा सम्पर्कमे सेहो ई मन्त्रालय रहैत छै । बागमती प्रदेशके विकासके गतिविधिसभ सेहो ईहे मन्त्रालय अन्तरगत होईत छै । तसर्थ, एत देखाएल बेरुजुके कारण जरुरतके क्षेत्रमे बजेट पुग नै सकल छै । तहिना कलक, मन्त्रालयसभद्वारा छुट्याओल गेल बजेसँ सेहो आकस्मिक खर्च बेसी भेल छै । एहन खर्चके शुरुएमे विशेषज्ञता प्रयोग कलक बड़का परियोजनाके छोट बजेटमे बाईटक सार्वजनिक खरिद प्रणालीके कार्यान्वयन कलक राखल जासकैत छलै ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस्



## शंकरबाबु अधिकारी

प्रमुख, जिल्ला स्वास्थ्य कार्यालय, तनहुँ

"तनहुँके १० टा स्थानिय तहसभमे क्वारेन्टाईनके व्यवस्था कल विदेशसँ आबवलासभके सुरक्षित तरिकासँ राखवला काज केलौ । कोरोना रोकथामके लेल जिला स्वास्थ्य कार्यालय जिला भैर २६ टा एम्बुलेन्स आ १ हजार शैयाके क्वारेन्टाईन निर्माण केने छलै । अखन विद्यालयसभसँ क्वारेन्टाईन हटाक सार्वजनिक भवनसभमे सारके आ पुरान क्वारेन्टाईन तथा आईसोलेशनसभके सेनिटाईज करवला काज सेहो भऽरहल छै । कोरोनाके जोखिम किछ कम भेल देखेलै तैयो सर्वसाधारणके लापरवाहीके कारण स्थिती भयावह त नै हेतै से त्रास सब दिस छै ।"



## पवित्रादेवी पौडेल

उप-प्रमुख, जिल्ला समन्वय समिति, तनहुँ

"लकडाउनके समयमे जिल्ला समन्वय समिति स्थानीय तहसभके चलायमान बनाबैत कोरोना विरुद्ध लड्मे एकजुट बनाबके काज केलक । अशक्त असहायके उद्धार, विदेशसँ आएलसभके समाजमे पुनर्स्थापना कर तनहुँके १० टा तह कोरोना संक्रमणमे एकजुट भऽलक काज केने सन्देश देबमे सफल भेल छै । लेकिन, १२० दिन सँ लम्बा लकडाउनके बाद खुलल तनहुँके अधिकांश बजारसभ सुरक्षित रुपमे खुलल नै अछि । तै सँ सुरक्षा मापदण्ड पालना केनाई अत्यन्त महत्वपूर्ण छै । साथसाथे, स्थानीय उत्पादनसभके प्रयोग करैत अर्थत( न्त्रके चलायमान बनाबैत लऽ जेनाई सेहो ओतबे महत्वपूर्ण छै ।"



## पुर्ण सिं थापा

अध्यक्ष, बन्दिपुर गाउँपालिका, तनहुँ

"गाउँपालिका पहिले चरणमे कोरोना प्रभावितके खाद्यन्न राहत वितरण केलक । लेकिन, दोसर चरणमे प्रधानमन्त्री स्वरोजगार कार्यक्रमसँगे समन्वय कऽलक श्रममे आधारित राहत कार्यक्रम संचालन केलौ । गाउँपालिकामे ९ किलोमिटर साईकल ल्याण्ड बाटो खनके, सडक नाली खनके, सडकके कातमे गाँछ रोपके लगाएलके काजमे ३ सय कोईके रोजगारी देलौ । जाहीके कारण सँ दैनिक मजदूरीमे काज करवला कामदारसभके राहतके रुपमे काज सहितके रोगजारी देबमे सफल भेलौ । कोरोनाके कारण व्यवसायमे मन्दी एलाके बाद, अखन कृषि आ पर्यटन व्यवसायके संगसंगे लऽलक जाएके सोचमे गाउँपालिका रहल छै ।"

# नेपाली अर्थतन्त्रमे कोभिड - १९ के असर

अचानक देखाएल कोभिड-१९ के प्रभावसँ नेपालके स्वास्थ्य क्षेत्र आ अर्थतन्त्रमे एकसाथे अनिश्चितताके छायामे धकैल देलकै । सरकार लकडाउनके माध्यमसँ अवस्थाके सामान्यीकरण कर खोजलकै, लेकिन मालवस्तुके ओसारपसारमे रोक, कारोबार आ श्रम बजार ठप्प भेनाई, रोजगारीसंगे आम्दनीके श्रोत गुमौलाके कारणसँ आर्थिक मन्दीके बढावा देलकै ।

## तीन बात सँ नेपालके आरो जोखिममे धकेलतै



१. **बाह्य आम्दानीमे अधिक निर्भर:** अन्तरराष्ट्रिय यात्रामे प्रतिबन्ध, विश्वव्यापी अनौपचारिक आम्दनीमे गिरावट आ पर्यटक आवागमन ८०% सँ संकुचन होबके साथ साथे, रेमिट्यान्समे २०% सँ गिरावट आबके अपेक्षा कएलगेल छै ।

२. **छोट तथा मध्यमस्तरके उद्योगसभमे भारी संकुचन:** कुल उद्योगके ९९% हिस्सा ओगट्ने छोट तथा मध्यमस्तरके उद्योगसभके उत्पादन आ विक्रिके अनुपात कम छै । अई कठिन अवस्थामे ऊसभ उपर उठला संघर्ष करहल अछि ।


३. **बेसीके संख्यामे श्रमिकसभ अनौपचारिक क्षेत्रमे काज करैत छै:** कूल श्रमिक मे सँ ८४% श्रमिक अनौपचारिक क्षेत्रमे काज करैत अछि । लेकिन, ऊसभ सरकारद्वारा आनलगेल सामाजिक सुरक्षाके सुविधा भितर परत कि नै परत से सुनिश्चितता अखनो नै छै ।

## जोखिम समुहसभ जेना, जनानी तथा अनौपचारिक क्षेत्रमे काज करवला श्रमिक बेसी प्रभावित

स्थायी कामदारके श्रम ऐन संरक्षण करहल अवस्थामे, लकडाउनके पहिले सप्ताह मे छोट तथा मध्यमस्तरके उद्योगसभमे काज करवला ६०% श्रमिकके रोजगारी छिनागेल ।

महामारीसँ जनानीसभके बेसी प्रभावित केलक । किया कि हुनकासभके बेसी जेहन तुलनात्मक रूपमे आबाजाही कर सहज होबवला व्यवसाय जेना, आतिथ्य सत्कार आ खुद्रा व्यवसायमे काज करैत छलिह । तहिना कलक, विद्यालयसभ बन्द भेलाके कारण, घरके जिम्मेवारी बईढक काज करवला जनानीसभके आरो बेसी असर केने छै ।

## आब कि करब?



सरकार महामारी सँ आबवला तीन आर्थिक बदलावके विषयमे सावधान भेनाई जरुरी छै ।

१. **सिमानाकामे होबवला आबाजाहीमे कमि:** किछ देशसभ (अमेरिका, भारत) सभ अत्यावश्यकीय सामानके आपूर्तीमे रोक लगेने अछि । नेपाल प्रतिबन्धित वैदेशिक लगानीके नीतिके फुकुवा कलक सिमापार व्यापार आ लगानीके प्रोत्साहन कलक तेकर फाईदा लल सकैत अछि ।

२. **पर्यटन क्षेत्रमे संकुचन:** आबवला महिनासभमे विश्व पर्यटन सामान्य अवस्थामे आबके सम्भावना नै छै । यद्यपी नेपाल सुरक्षित करिडोरके माध्यमसँ कोरोना भाईरसके रोकथाममे योगदान पुगेने देशके समुहके पर्यटक या अस्थायी आप्रवासीके रुपमे यात्रा कर अनुमती देब सकैय ।


३. **प्रविधिके अनुशरण:** महामारी सँ फुड डेलिभरी, अनलाईन भुक्तानी आ एक दोसर संगेके अनलाईन सिखाई जेहन डिजिटल सेवाके अनुशरण कर प्रोत्साहित करहल छै । ई घरपरिवार, व्यवसाय आ सरकारके लेल प्रविधिमे आगु बढ्क उचित समयके रुपमे देखाएल छै ।

- अभय न्यौपान, अर्थशास्त्री, Institute for Integrated Development Studies (IIDS) -

सही
सूचना

# अप्रभावकारी महामारी व्यवस्थापन

## लकडाउन हटलाके बाद दैनिक पिसिआर परीक्षण आ संक्रमितके संख्या बढ्लै





उपरके ग्राफसँ लकडाउन हटलाके बाद भेल दैनिक पिसिआर परीक्षण आ संक्रमितके संख्याके तुलनात्मक अध्ययनके देखाबेत छै । अई समयमे दैनिक पिसिआर परीक्षण द्व गुणा सँ बढलै, जे कि सकारात्मक छै । लेकिन, दैनिक संक्रमण पुष्टि होबवलाके संख्या तीन गुणासँ बढल छै । अई सँ नेपालमे लकडाउन खुला भेलाके बाद कोभिड - १९ सँ संक्रमितके संख्या बढल स्पष्ट संकेत करैत छै । एना देखला सँ सरकार महामारी व्यवस्थापनमे चुकल छै आ आब निषेधाज्ञा लगाएतके नयाँ रणनीति आगु आनिरहल अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दऽक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219